*Қарақалпақстан Республикасы*
*Мәлимлеме – китапхана орайы*
*Мағлыўмат библиография хызмети*



# «Илим дүньясындағы сөнбес жулдыз»

## Академик Марат Нурмухаммедов туўылғанының 90 жыллығына биобиблиография

*Нөкис - 2020*

*Жулдыз ағып кетсе акшамғы ўақта,*
*Дәрҳал сен түсерсең ядыма мениң.*

***(Ибрайым ЮСУПОВ)***

## *К И Р И С И Ў*

Илим ҳәр қандай мәмлекеттиң бүгинги ҳәм ертеңги келешегин белгилейтуғын әҳмийетли сала болып табылады. Өзбекстан мәмлекети әзелден адамзат цивилизациясына теңи тайы жоқ үлес қосқан, дүнья жүзи илим ҳәм мәдениятының бағдарларын белгили дәрежеде белгилеп берген уллы алымлары, ағартыўшылары менен дүньяға танылған.

Бүгинги күнде де Өзбекстан Илимлер Академиясының илимпазлары уллы ата-бабаларымыздың дәстүрлерин мүнәсип даўам еттирип, бийғәрез Ўатанымыздың илимий-экономикалық, илимий-техникалық, мәдений, руўхый-ағартыўшылық раўажланыўы жолында кең көлемли илимий изертлеўлер алып бармақта. Бизиң үлкемизден де усы илим тараўын раўажландырыўға өзлериниң бар күш-жигерин аямай мийнет еткен пидайы инсанлар көплеп табылады.

Қарақалпақстанда илимниң раўажланыўына, қарақалпақ халқының тарийхын, мәдениятын, миллий тил ҳәм миллий әдебиятын дүньяға танытыўда халқымыздың уллы перзентлери – академиклер Сабыр Камалов, Марат Нурмухамедов, профессор Досжан Насыровлардың ислеген мийнетлери айрықша болды. Академик Сабыр Камалов Қарақалпақстанда тарийх илиминиң раўажланыўына тийкар салғанлардың бири болса, филология илимлериниң докторы, профессор Досжан Насыров қарақалпақ тил илимин изертлеў саласында, оның пайда болыўында, қәлиплесиўинде ҳәм раўажланыўында салмақлы үлес қосыў менен бирге Нөкисте Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети жанында кандидатлық ҳәм докторлық диссертация

жақлаў бойынша қәнигелестирилген Кеңести ашыўға еристи ҳәм биринши кандидатларды усы Кеңесте жақлаўға басшылық етти. Ал, Марат Нурмухамедов XX әсир миллий прозасының пайда болыўы, қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўын биринши болып арнаўлы ҳәм системалы түрде изертлеп, илимий теорияның тийкарын салған, көплеген қарақалпақ әдебиятшы илимпазларды тәрбиялаған устаз.

XX әсир қарақалпақ әдебиятында жанрлардан болған қарақалпақ прозасы 20 - жыллардың екинши ярымынан баслап пайда болады. Бирақ 50 - 60 - жылларға шекем қарақалпақ прозасы тарийхы бойынша арнаўлы түрде илимий жумыслар болмады. Академик Марат Нурмухамедов өзиниң докторлық диссертация жумысын қарақалпақ прозасының раўажланыў тарийхына арнады. Бул илимий жумыс қарақлпақ әдебияттаныў илиминде жаңалық болды. Ол тек ғана қарақалпақ прозасы машқалаларын изертлеп қоймастан, соның менен бирге, миллий қарақалпақ әдебияты тарийхы, қарақалпақ поэзиясы, қарақалпақ жазба әдебиятының дереклери, қарақалпақ шайырлары Бердақ, Аяпберген Мусаевлардың дөретиўшилиги, қарақалпақ әдебияты тарийхындағы әдебий байланыслардың орны, көркем әдебият – жоқары мәнаўият машқаларын да изертлеп көп мақалалар ҳәм монографиялар жазды. Илимпаздың теориялық дәлиллери ҳәм жуўмақлары бизиң миллий қарақалпақ прозамыздың ҳәм олардың ўәкиллери болған қарақалпақ жазыўшыларының дөретиўшилик өзиншелигин изертлеўге дыққат аўдарады.

Марат Нурмухамедов өзиниң көп қырлы таланты менен Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан тарийхында илим, билим, мәденият, әдебият, сиясат тараўларында басшылық еткен шебер шөлкемлестириўши, атақлы мәмлекетлик ғайраткер, қарақалпақ әдебиятын тереңнен изертлеген жетик илимпаз болды.

Биз бүгин өзинен кейинги әўладларға үлги боларлықтай өмир жолын басып өткен әдиўли устаз, академик Марат Нурмухамедов ҳаққында усы қолланбаны жазып отырмыз.

## *Марат Нурмухамедовтың өмири менен илимий – шөлкемлестириўшилик хызметиниң тийкарғы сәнелери*

**1930 – жылы 6 – январьда** Марат Көптилеў улы Нурмухамедов Төрткүл қаласында белгили жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик ғайраткер, Қарақалпақстан областьлық Атқарыў Комитетиниң баслығы Көптилеў Нурмухамедовтың шаңарағында туўылды.

**1937 - 1946 жыллары** Хожели қаласындағы С. Орджоникидзе ҳәм Нөкис қаласындағы А. С. Пушкин атындағы орта мектеплердиң рус класында оқыды.

**1946 – 1950 жыллары** Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты факультетиниң студенти.

**1950 – жыл февральдан 1950 – жыл июльға** шекем А. С. Пушкин атындағы кешки – сырттан оқыйтуғын орта мектептиң рус тили ҳәм әдебияты муғаллими.

**1950 – сентябрьден 1953 – жыл сентябрьге** шекем СССР илимлер Академиясы Шығысты таныў институтының аспиранты (Москва қаласы).

**1952 – жылы** Педагогикалық институтта рус ҳәм қарақалпақ әдебияты бойынша лекция оқыды.

**1953 – жыл 28 – декабрьде** «Қарақалпақ совет әдебиятының раўажланыўына рус әдебиятының тәсири» деген темада кандидатлық диссертация жақлады.

**1953 – 1955 жыллары** Өзбекстан Илимлер академиясы экономика ҳәм мәденият институтының үлкен илимий хызметкери.

**1955 – жылы** Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ағзалығына қабыл етилди.

**1956 – 1957 жыллары** Өзбекстан Илимлер академиясы экономика ҳәм мәденият институтының әдебият ҳәм фольклор бөлиминиң баслығы.

**1957 – 1959 жыллары** Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан комплексли илим – изертлеў институты директоры орынбасары.

**1957–1986 жыллары** Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамы басқармасының ағзасы болып сайланды.

**1958 – жыл**ы «Әмиўдәрья» журналының редакторы болып иследи.

**1958 – жылы** Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамы басқармасының баслығы болды.

**1959 – жылы** Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалы президумының баслығы.

**1959 – 1963 жыллары** Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңеси Президиумының баслығының орынбасары болып сайланды.

**1960- жылы** Шығысты изертлеўшилердиң XXV - Халық аралық конгресине қатнасты.

**1961 – жылы** Өзбекстан Компартиясы Қарақалпақстан обкомының идеология бойынша хаткери.

**1963 – 1967 жыллары** Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесине депутат болып сайланды.

**1965 – жылы «**Қарақалпақ совет прозасының раўажланыў жоллары» деген темада докторлық диссертация жақлады.

**1966 – жылы** Өзбекстан Илимлер академасының - ағзасы болып сайланды.

**1966 – жылы** 1 – ноябрьден 1974 – жыл апрельге шекем Өзбекстан Илимлер академасының Президиумы ағзасы және тарийх, тил билими ҳәм әдебият таныў бөлиминиң академик – секретары.

**1966 – 1970 жыллары** Өзбекстан Илимлер академасы редакциялық баспа кеңеси баслығының орынбасары болып сайланды.

**1968 – жыл 24 – июльде** «СССР халықлары әдебиятлары» қәнийгелиги бойынша профессор илимий атағына тастыйық етилди.

**1968 – жылы** «Өзбекстан совет энциклопедиясы» Бас редакциясының ағзасы болып сайланды.

**1968 – 1972 жыллары** Өзбекстан Академиясы Президиумы партия шөлкеминиң секретары болып сайланды.

**1968 – жылы** Тарийх, тил ҳәм әдебият таныў бөлиминиң, докторлық диссертацияны жақлаў бойынша Бирлескен илимий кеңеси баслығының орынбасары болып сайланды.

**1968 – жылы** Кушан империясы бойынша өткерилген ЮНЕСКО конгресиниң жумысына қатнасты. (Душанбе қаласы)

**1969 – 1985 жыллары** Докторлық диссертация жақлаў бойынша Илимий Кеңестиң баслығы болып иследи.

**1974 – жыл 16 – мартта** Өзбекстан Илимлер академасының ҳақыйқый ағзасы (академик) болып сайланды.

**1974- жыл апрельден ноябрьге** шекем Өзбекстан Илимлер академиясы А.С. Пушкин (ҳәзир Наўайы) атындағы тил ҳәм әдебият институтының директоры болып иследи.

**1974 – 1979 жыллары** Өзбекстан Илимлер академиясының вице – президенти болып иследи.

**1975 – жылы** Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Советиниң депутаты болып сайланды.

**1981–жыл 9-сентябрьде** СССР Илимлер академиясы Шығысты таныўшылардың Пүткил аўқамлық ассоциациясының ағзалығына қабыл етилди.

**1985 – жыл 25 – февральда** Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Совети депутаты ҳәм Жоқарғы Совети Президиумы баслығының орынбасары болып сайланды.

**1985 – 1986 жыллары** Нөкис мәмлекетлик университетиниң ректоры болып иследи.

**1986 – жылы 20 - июньда** Измир қаласында автомобиль апатынан қайтыс болды ҳәм оның “Қарақалпақ асық ойынлары” деген темадағы доклады Турк фольклоры бойынша III Халық аралық конгрессте оқып еситтирилди (Измир қаласы, Туркия).

## *Марат Нурмухамедовтың алған сыйлықлары*

**1959 – жылы** «Ҳүрмет белгиси» ордени менен сыйлықланды.

**1965 – жылы** екинши мәрте «Хүрмет белгиси» ордени менен сыйлықланды.

**1970 – жыл апрельде** «Қарақалпақ совет прозасы” / Ташкент, - ФАН.1968 / монографиясы ушын Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлыққа миясар болды.

**1973 – жыл 5 – январьда** “Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери” ҳүрметли атағы берилди.

**1981 – жыл 13- майда** Мийнет Қызыл байрақ ордени менен сыйлықланды.

**1983 – жыл 5 – январьда** “Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери” ҳүрметли атағы берилди.

**1983 – жыл 5 – ноябрьде** Өзбекстан Республикасының Беруний атындағы мәмлекетлик сыйлығына миясар болды.

## ***Марат Нурмухамедовтың өмири, илимий – дөретиўшилик ҳәм жәмийетлик - шөлкемлестириўшилик хызмети ҳаққында***

Марат Көптилеў улы Нурмухамедов 1930 – жылы 6 – январьда Төрткүл қаласында белгили жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик ғайраткер, Қарақалпақстан областьлық Атқарыў Комитетиниң баслығы Көптилеў Нурмухамедовтың шаңарағында туўылды.1937 - 1946 жыллары Хожели қаласындағы С. Орджоникидзе ҳәм Нөкис қаласындағы А. С. Пушкин атындағы орта мектеплердиң рус класында оқыды. 1946 – 1950 жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты факультетиниң оқып питкереди. 1950 – жылдың февраль- июль аралығында Пушкин атындағы кешки – сырттан оқыйтуғын орта мектептиң рус тили ҳәм әдебияты муғаллими болып ислейди. 1950 – жылдың сентябринен 1953 – жылдың сентябрине шекем СССР илимлер Академиясы Шығысты таныў институтының аспирантурасында (Москва қаласында) оқыйды.

1953 – жылы 28 – декабрьде Москва қаласында Илимлер академиясы Шығыстаныў институтының илимий кеңесинде «Қарақалпақ совет әдебиятының раўажланыўына рус әдебиятының тәсири» деген темада кандидатлық диссертациясын табыслы түрде жақлап шықты. Бул ўақытта ол 23 жасын жаңа ғана толтырған нәўқыран жигит еди. Усыған қарап базыбир адамлар «Марат Көптилеўович Нурмухамедовқа балалық ҳәм жас өспиримлик дәўиринде ҳәр тәреплеме тереңнен билим алыўы ушын қолайлы жағдайлар туўдырылған болыўы мүмкин», деп ойлап қалыўы да итимал. Ҳақыйқатында да ол бундай илимий дәрежеге жетимлик ҳәм жоқшылықтың азапларын көп шегип, түрли турмыс қыйыншылықларын басынан кешириў нәтийжесинде ғана ерискен еди.

Бул аўҳаллар туўралы ол өзиниң күнделикли дәптеринде былайынша жазған еди: «1949 – жыл 9 – июль. Мениң басымда бир ой әллеқашаннан берли «уялап» жүр. Бул – аспирантура… Оның жолында бир үлкен ҳәм тийкарғы тосқынлық турыпты. Ол – мениң күтә жарлы, көп жоғалтыўлар менен қайғы – ҳәсиретти

басынан кеширген шаңарағым. Шаңарағымда сүйениш болатуғын адамым жоқлығынан мен мине усы мәселеде руўхый жақтан азапланып, зар еңиреймен. Егер қуда жол берип, оқыўға кететуғын болсам, онда үйимде ислейтуғын хеш ким қалмайды. Қарындасым қандай да бир техникумға кирип оқыйды, анам қартайған ҳәм жетерли қәнийгеликке ийе емес. Кемпир апамның төринен гөри жақын. Ол 73 жасында. Ал, үлкен қыз апам ҳәм әкем жоқ… Бирақ, мениң оқыўды даўам етиў тилегим – бул тосқынлықлардан еки есе күшли» (М. Нурмухамедовтың үй архивиниң материалларынан. Қол жазба).

1937 – жылы 20 – декабрьде белгили жәмийетлик ғайраткер Көптилеў Нурмухамедов «халық душпаны» деп наҳақтан айыпланып, қамаққа алынады ҳәм Марат жети ярым жасында тири жетим болып қалады. Екинши жер жүзилик урыс жылларында үлкен қыз апасы Тәжигүл, еки қарындасы – Рая ҳәм Дәметкенлер бириниң изинен бири қайтыс болып, Нурмухамедовлардың шаңарағы аўыр жоғалтыўға ушырайды. Бул қайғылы ўақыялар Мараттың характериниң қәлиплесиўине тәсир етип, ол кем сөзли, аўыр минезли бала болып өсти ҳәм қаршайдай жасынан мийнет етиўге, басшысынан айрылған шаңараққа сүйениш болыўға киристи: Хожели қаласына жақын колхозларға барып. Масақ терди. Тубаға қармақ салып, балық аўлады, етикши устаға шәкирт болып ислеп тапқан қәрежетин анасына әкелип беретуғын болды

- «Жоқшылық мениң кемпир апамды, анамды ҳәм қарындасым Марьяны 1944 –жылы Шоманай районына көшип барыўға мәжбүр қылды» - деп жазды Марат Нурмухамедов «Өмир аға» атлы еске түсириўинде. – Оларға колхоз баслығы Мырзамурат Абдуллаев қәўендерлик етти, ал мен әкем Көптилеў Нурмухамедовтың туўысқан қарындысы Жумагул апаның үйине келдим ҳәм Нөкисте оқыдым. Оның болажақ күйеўи Генжебай Убайдуллаев Төрткүлде оқыған ўақытта бизлердиң үйимизде жасаған екен. (Нурмухамедов М. Қолжазба).

Марат Нурмухамедов 1946 – 1950 – жылларда Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институттың рус тили ҳәм әдебияты факультетинде оқыды. Ол дәўирде Жумагул Нурмухамедова Нөкис қаласындағы А. С. Пушкин атындағы орта мектептиң муғаллими, жездеси Г. Убайдуллаев Қарақалпақстан Билимлендириў комиссарының орынбасары болып ислейтуғын еди. Бул жерде Марат Нурмухамедов республикамыздың илим ҳәм мәденият ғайраткерлери менен ушырасыў бахтына миясар болды. Н. Дәўқараев, А. Бегимов, Қ. Айымбетов, Ә. Шамуратов, Ж. Орынбаев, Ж. Досумов усаған белгили алым ҳәм жазыўшылар Г. Убайдуллаевтың үйине жийи – жийи келип, илим менен әдебияттың әҳмийетли мәселелерин сөз ететуғын еди. Г. Убайдуллаевтың үй китапханасында сақланған китаплар менен журналларды шын ықласы менен оқыўы жәнe атақлы алым – жазыўшылардың ибратлы гүрриңлерин тыңлаўы жас Мараттың әдебиятқа қызығыўшылығын тағы да арттырып жиберди. 1946 – жылдан баслап онда дәслеп жазыўшы болыў, көп кешикпей әдебиятшы – илимпаз болыў тилеги пайда болды.

«1950 – жыл 25 – май. Бөлистириў ўақтында аспирантурада оқыўға жоллама берилди, ендиги мениң ураным - аспирантураға», - деп жазды ол күнделик дәптеринде (М. К. Нурмухамедов. Қолжазба). Бирақ, жоқарғы жақтағы

айырым ҳәмелдарлар: - «Мараттың әкеси  Көптилеў Нурмухамедов халық душпаны» - деп атап, оның ҳүжжетин жоқ етип жибере береди.

Араға Қарақалпақстан илим – изертлеў институтының директоры Нәжим Дәўқараев, жездеси Генжебай Убайдуллаев түседи. Усының нәтийжесинде ол 1950 – жылы 20 – августта Ташкентке келип, С. Ахметов, У. Шалекенов, Ж. Уббиниязов,  Қ. Әметовлар менен бирге аспирантураға кириў имтиханларын тапсырады.  - «1950 – жыл 20 – сентябрь. Улыўма алғанда, мен Москвадаман. 1 – октябрьде оқыў басланады»,  - деп жазды М. Нурмухамедов қуўанышлы кейипте өзиниң күнделик дәптеринде  (М. К. Нурмухамедов. Қолжазба).

Тәғдир бул  сапары оны бир уллы алым менен дусластырды. Бул киси СССР Мәмлекетлик сыйлығының лауреаты,  СССР Илимлер академиясының хабаршы – ағзасы Евгений Эдуардович Бертельс еди. Ол Мараттағы ҳәр тәреплеме терең билим, эрудиция, илимге шексиз ықласын көрип, оған илимий басшы болыўға қайылшылық билдирди. Арадан азғана ўақыт өткеннен кейин Евгений Эдуардович өзиниң талантлы шәкиртине былайынша кеңес берди:  - Улым, ғайрат салып, оқыўыңды даўам ет. Мени сениң билимин қызықтырады. Ал, әкеңниң тәғдири – илимге қатнасы жоқ, пүткиллей басқаша мәселе…

Аспирантурада оқыған дәўиринде М. Нурмухамедовқа әдебият теориясынан Л. И. Тимофеев, қарақалпақ тили ҳәм әдебиятынан Н. А. Баскаков усаған илимпазлар сабақ береди. Солай етип 1953 – жылы 28 – декабрьде М. Нурмухамедов «Қарақалпақ совет әдебиятының раўажланыўына рус әдебиятының тәсири» атамасында кандидатлық диссертациясын табыслы түрде жақлап шықты. Илимий кеңесте ол жүз процент даўыс алып, Москвадағы Илимлер академиясы Шығысты таныў институтында ислеп қалыў имканиятына ийе болған еди.

Бирақ  М. Нурмухамедов туўылған үлкесине қайтып келиўди мақул көрди. Бул дәўирде биринши қарақалпақ илимпазы Нәжим Дәўқараев биймезгил қайтыс болып, Қарақалпақстанда илимий дәрежеге ийе бир де әдебиятшы – илимпазымыз жоқ еди. Марат  Нурмухамедов 1954 – жылы сентябрь айында қарақалпақ тили ҳәм әдебиятының  мәселелерине арналған пүткил аўқамлық илимий – теориялық конференцияның шөлкемлестириўшилеринен бири болды ҳәм онда шығып сөйлеп, Бердақ дөретиўшилигин изертлеўдеги жетискенликлер менен кемшиликлерге дурыс баҳа берди. Конференция қатнасыўшыларынан көрнекли рус илимпазлары К. К. Юдахин,  Н. А. Баскаков,  С. П. Толстов,  Т. А. Жданко ҳәм басқалар Марат Нурмухамедовтың бул пикирлерин қуўатлады. 1956 – жылы Бердақ шайырдың таңламалы шығармалар жыйнағы қарақалпақ тилинде дүзилип, қайта басылып шықты, соң ол туўысқан халықлар тиллерине аўдарылды. Демек, оның шығармаларын жыйнап, баспаға таярлаўда ҳәм улыўма аўқамлық көлеминде танытыўда Марат Нурмухамедов белсене хызмет етти.

Марат Көптилеўович Нурмухамедов 1958 – 1959 – жылларда Өзбекстан Илимлер академиясы экономика ҳәм мәдeният институтында аға илимий хызметкер, бөлим баслығы, директордың орынбасары болып иследи.  Ол тийкарғы хызмет орнына қоса педагогикалық институтта оқытыўшы, «Әмиўдәрья» журналының бас редакторы,  Қарақалпақстан  Жазыўшылар аўқамы басқармасының баслығы лаўазымларын атқарды. Атақлы илимпаз, шебер шөлкемлестириўши Марат Көптилеўович Нурмухамедов 1959 – жылы Өзбекстан

Илимлер академиясы Қарақалпақстан Компартиясы Қарақалпақстан обкомының секретары болып сайланды. Соңғы жигирма жыл даўамында ол Өзбекстан Илимлер академиясында тарийх, тил билими ҳәм әдебияттаныў бөлиминиң академик – секретары, Өзбекстан Илимлер академиясының вице – президенти

А. С. Пушкин атындағы тил ҳәм әдебият институтының директоры, Нөкис мәмлекетлик университетиниң ректоры болып иследи.

Марат Нурмухамедов усындай үлкен жәмийетлик, шөлкемлестириўшилик жумысларына қоса илимий изертлеў тараўында да жемисли мийнет етти. Ол 1965 – жылы 25 – февральда Өзбекстан Илимлер академиясының хабаршы – ағзасы, ал 1974 – жылы 16 – мартта ҳақыйқый ағзасы (академик) болып сайланды. Оған 1963 - жылы 24 – июньде профессор илимий атағы берилди.

Марат Нурмухамедовтың илим изертлеў жумысларының диапазоны оғада кең болып, ол әдебият теориясы ҳәм тарийхы, миллет әдебиятларының өз – ара тәсири ҳәм өз - ара байланыслары, әдебий жанрлардың раўажланыўы, әдебиятты изертлеўдиң методикалық машқалалары, көркем дөретиўшиликтиң идеологиялық мәселелери, көркем аўдарма ҳәм жазыўшының шеберлиги, мәдений мийрас, фольклор ҳәм жазба әдебияттың өз – ара байланыслары, миллет тиллериниң раўажланыўы усаған әҳмийетли мәселелерди изертледи. Алым өзиниң илимий излениўшилиги дәўиринде төрт жүзден аслам мийнетти жазды ҳәм басып шығарды. Олардың арасында «Қарақалпақ совет әдебиятының раўажланыўына рус әдебиятының тәсири» (1956), «Қарақалпақ совет әдебиятының қысқаша очерки» (1959), «Урысқа шекемги қарақалпақ прозасы. «Әдебий – илимий изертлеў» (1959), «Уллы Ўатандарлық урыстан соңғы дәўирдеги қарақалпақ прозасы» (1964), «Қарақалпақ совет прозасы» (Ташкент, 1968), «Ҳәзирги заман қарақалпақ совет прозасы» (Нөкис, 1968), «Рус – қарақалпақ мәдений байланыслары тарийхынан» (1974), «Әдебият таныў илими ҳәм идеологиялық гүрес» (1976), «Әдебият ҳәм идеология» (1977), «Аяпберген Муўса улы – қарақалпақ әдебиятының баслаўшысы» (1980), «Бердақ – қарақалпақ халқының уллы шайыры» (1977), «Халықтың тәғдийри - әдебиятлардың тәғдийри» (1982), «А. С. Пушкинниң ертеклери ҳәм Орта Азия халықларының фольклоры» (1983), «Пушкин, Оренбург ҳәм оренбурглылар» (1984), сайланды шығармаларының еки томлығы (1983, 1985), «Орта Азия А. С. Пушкинниң творчествосында» (1983) усаған монографиялары ҳәм китаплары бар еди. Усылардың ишинен М. К. Нурмухамедовтың қарақалпақ прозасының қәлиплесиў ҳәм раўажланыў нызамлылықларын ашыўға арналған көп жыллық изертлеўлери үлкен әҳмийетке ийе болып, республика жәмийетшилиги тәрепинен жоқары баҳаланды. Мине усындай жетискенликлери есапқа алынып, «Қарақалпақ совет прозасы» (Ташкент, «ФАН» 1968 жыл) китабы ушын М. К. Нурмухамедовқа 1970 – жылы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлық берилди.

М. К. Нурмухамедов орта мектеплер ҳәм жоқары оқыў орынлары ушын қарақалпақ әдебиятының оқыў программалары менен сабақлықларын жазыўға қатнасты. Әсиресе, академик М. К. Нурмухамедовтың илимий басшылығында дүзилген «Қарақалпақ совет әдебиятының тарийхы» әдебият таныў илимине қосылған әжайып үлес болып, бул жетискенликлери ушын бир топар авторларға 1983 – жылы Беруний атындағы Өзбекстан мәмлекетлик сыйлығы берилди.

М.К.Нурмухамедов 1969 – 1985–жылларда докторлық диссертацияларды жақлаў бойынша Илимий кеңестиң баслығы болып иследи, көп ғана әдебиятшы – илимпазларды тәрбиялап шығарды. Оның өзи он бир илим докторының, он тоғыз илим кандидатының илимий басшысы ямаса оппоненти болды.

Атақлы тюрколог М. К. Нурмухамедов тек Советлер аўқамында кеңнен танылып қалмастан, шет еллерге де мәлим болды ҳәм оның мийнетлери қарақалпақ, рус, өзбек, туркмен, украин, қазақ, англичан, венгер, түрк ҳәм басқа да тиллерде басылып шықты. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жазыўшысы аўқамлары басқармасының ағзасы, «Өзбекстанда жәмийетлик илимлер» журналының бас редакторы, бир қанша илимий, арнаўлы кеңеслердиң баслығы ҳәм ағзасы болып ислеп, өзиниң шөлкемлестириўшилик хызметлери менен пүткил елимизге кеңнен танылды.

Ҳүкиметимиз академик М. К. Нурмухамедовтың ислеген хызметлерин жоқары баҳалады. Ол «Мийнет Қызыл байрақ» ордени (1981), еки мәртебе «Ҳүрмет белгиси» (1959, 1965) орденлери, үш медаль, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жоқарғы Президиумларының Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды. Және де оған Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери (1983) деген хүрметли атақлар берилди.

М. К. Нурмухамедовтың китаплары ҳәм мақалалары жоқары илимий – теориялық дәрежеде жазылып, илимпаз жаңа қарақалпақ әдебиятында проза жанрының қәлиплесиў ҳәм раўажланыў нызамлылығын исенимли мысаллар тийкарында ашып бере алды. 1965 – жылы ол «Қарақалпақ совет прозасының раўажланыў жоллары» деген темада докторлық диссертациясын жақлады. М. К. Нурмухамедовтың көп жыллық тынымсыз изертлеўлериниң нәтийжесинде ғана табыслы түрде жуўмақланды.

1924 – жылы Қарақалпақстан мийнеткешлери тарийхы биринши мәртебе өзлериниң миллий мәмлекетине ийе болып, ана тилинде дәслепки сабақлықлар менен газета – журналларды шығара баслады. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы ҳәм «Қызыл муғаллим» қол жазба журналында қарақалпақ прозасының тунғыш үлгилери: гүрриң ҳәм очерклер жәрияланды. 1932 – жылы Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамы шөлкемлестирилди. Дүзилген Қарақалпақстан мәмлекетлик баспасы жазыўшыларымыздың шығармаларын өз алдына китап қылып жәриялаўға киристи, олардың айырымлары рус, қазақ ҳәм басқа да тиллерге аўдарылып, Москва, Ташкент, Алма – Ата қалаларында басылып шықты.

М. К. Нурмухамедов күтә сийрек ушырасатуғын усындай нусқаларды мәмлекетлик китапханалар менен Орайлық архивлерден, жазыўшылардың үйлеринен таўып, оларды илимий айланысқа түсирди және усындай көп санлы дәреклер тийкарында қарақалпақ прозасының қәлиплесиў ҳәм раўажланыў нызамлылықларын ҳәр тәреплеме ашып бере алды. Ол қарақалпақ әдебиятында бул жаңа жанрдың пайда болыў тарийхын ҳәм ярым әсир даўамында топлаған тәжирийбесин системалы түрде изертлеп, 20 – жылларда «Қызыл муғаллим» қол жазба журналында жәрияланған кишигирим гүрриңлерден баслап, 60 – жыллары өз алдына бөлек үлкен китап болып басылып шыққан романларға шекем прозамыздың барлық үлгилерине анализ жасайды ҳәм ҳәр бир шығарманың идеялық – көркемлик қәсийетлерин, жетискенликлери менен кемшиликлерин

исенимли мысаллар тийкарында дәлийлеп, белгили прозаиклердиң дөретиўшилик өзгешеликлерин көрсетиўге еристи.

Ол басқаларға да, ҳәттеки өзине де сыншыллық көзқарас пенен қатнас жасайтуғын оғада талапшаң, салдамлы, илимий эрудициясы жүдә жоқары адам болды. - «Сыншы бола турып ҳәммеге жақсы атлы болыў мүмкин емес. Сын – бул гүрес деген сөз» деп жазған еди академик өзиниң «Сын ҳәм сыншы» деген мақаласында. Академик – сыншы пүткил өмири даўамында усы принциплериниң қырағы қорғаўшысы, оны әмелге асырыўшы шахс болып қалды.

Марат Нурмухамедовтың өмирлик жолдасы Вероника Валентиновна Нурмухамедова - «Онда дем алыс күнлери жоқ еди», - деп тастыйықлайды. Усындай тынымсыз излениўдиң нәтийжесинде Марат Нурмухамедов төрт жүзден аслам мийнет дөретти. Олардың арасында ири – ири монографиялар, китапшалар, критикалық ҳәм публицистикалық мақалалар, еске түсириўлер бар.

Академик  Марат Нурмухамедов диапазоны кең болып, ол илиминиң көп ғана тараўларын өз ишине қамтыйтуғын еди.

…1986 – жылы 20 – июнь куни «Қарақалпақ халқының илими ҳәм әдебияты жоқары билимлендириў аўыр жоғалтыўға ушырады» деп жазды Өзбекстанның газеталары, усы сөзлерди радио, телевидениениң дикторлары үлкен муң менен оқыды. Өйткени бул  күни қарақалпақ халқының тунғыш академиги, сол ўақыттағы университетимиздиң ректоры, жәҳәнге даңқ тараткан әдебиятшы алым, өткир ҳәм қайтпас әдебий сыншы, жигерли ғайраткер  М. К. Нурмухамедов туўылған топырағынан узақ жерде тосаттан дүньядан көз жумған еди…

Оның көкиреги мудамы ел – халық, ҳадал талантлы перзентлери деп соғып туратуғын еди.  Ол Қарақалпақстан халқының тарийхында атақлы мәмлекетлик ғайраткер, илимий ҳәм мәдений мекемелерди шебер шөлкемлестириўши, қарақалпақ әдебиятының актуал машқалаларын тереңнен изертлеген жетик илимпаз ретинде мәңги сақланып қалады.

## *Марат Нурмухамедовтың шығармалары қарақалпақ тилинде*

**1956**

1. Қарақалпақ совет адебиятынынг рауажланыуына рус адебиятынынг тасири. – Нокис: ККМБ,– 214 б.

**1957**

2. Қарақалпақ совет прозасы. - Нөкис: ҚҚМБ, - 32 б.

**1964**

3. Проза ҳаққында. /1945-1953-жыллар/ - Нөкис: ҚҚМБ, - 68 б.

**1975**

4. Қаракалпақ совет әдебиятының мәселелери. - Нөкис: Қарақалпақстан, - 323 б.

**1977**

5. Рус қарақалпак мәдений байланыслары тарийхынан.- Нөкис: Қарақалпақстан, - 76 б.

**1979**

6. Бердақ қарақалпақ халқының уллы шайыры.- Нөкис: Қарақалпақстан, - 40 б.

**1981**

7. Аяпберген Муса улы қарақалпақ совет әдебиятының тийкарын салыўшы. - Нөкис: Қарақалпақстан, - 32 б.

**1983**

8. Шығармаларының еки томлығы: т. 1. - Нөкис: Қарақалпақстан,- 412 б.

**1985**

9. Шығармаларының еки томлығы: т. 2. - Нөкис: Қарақалпақстан,- 440 б.

**1987**

10. А.С. Пушкинниң ертеклери ҳәм Орта Азия халықларының фольклоры. - Нөкис: Қарақалпақстан, - 56 б.

## ***Марат Нурмухамедовтың шығармалары рус тилинде***

**1959**

11. Довоенная каракалпакская проза. – Нукус: ККГосиздат, – 158 с.

12. Краткий очерк истории каракалпакской литературы. - Ташкент: Гослитиздат, -144 с.

**1961**

13. Каракалпакская проза периода Великой Отечественной войны. – Нукус: ККГосиздат, – 28 с.

**1968**

14. Каракалпакская советская проза.- Ташкент: Фан, - 312с.

15. Современная каракалпакская проза. - Нукус: Каракалпакстан, - 190с.

**1974**

16. Из истории русско - каракалпакских культурных связей. - Ташкент: Фан, - 67с.

**1977**

17. Бердах – великий поэт каракалпакского народа. – Ташкент: Фан,- 32 с.

18. Каракалпакская поэзия: краткий очерк. - Ташкент: Фан, - 32 с.

**1980**

19. Аяпберген Муса улы - зачинатель Каракалпакской советской литературы. - Ташкент: Фан, - 28с.

**1983**

20. Сказки А.С. Пушкина и фольклор народов Средней Азии. - Ташкент: Фан, - 50 с.

**1985**

21. Пушкин, Оренбург и оренбуржцы. - Ташкент: Фан, - 63 с.

**1988**

22. Нурмухамедов М. Средняя Азия в творчестве А. С. Пушкина. – Ташкент: Фан, - 32 с.

## *Марат Нурмухамедов ҳәм оның шығармалары ҳаққындағы әдебиыятлар*

**1993**

23. Нарымбетов Ж. Н. Академик М.К. Нурмухамедов: [краткий очерк научной биографии] – Нукус: Каракалпакстан, – 32 с.

**2000**

24. Байниязов Қ. Академик М.К.Нурмухамедовтың күнделик дәптерлери //Қарақалпақстан жаслары. – 6 янв.

25. Изимбетова А. Туңғыш академикке бағышланды: [М. Нурмухамедов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 15 апр.

26. Мақсетов К. Марат Нурмухамедов ҳәм фольклор мәселелери // Қарақалпақстан жаслары. - 7 дек.

27. Наўрызымбетова Р. Даңқлы алымға арналған көргизбе: [М. Нурмухамедов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 4 март.

28. Өтегенова С. Туңғыш академикке бағышланды: [М. Нурмухамедов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 10 февр.

**2010**

29. Базарбаев Ж. Аққан жулдыз: [Марат Нурмухамедовты еслегенде] // Еркин Қарақалпақстан. - 5 янв.

30. Бекбергенова М. М. Нурмухамедов – қарақалпақ прозасының тийкарғы изертлеўшиси // Еркин Қарақалпақстан. - 3 июль.

31. Досымбетова Т. Илим дүньясындағы сөнбес жулдыз: [М. Нурмухамедов ҳаққында] // Устаз жолы. - 15 май.

32. Есемуратова Г. Заманымыздың жарық жулдызы болды: [эссе] // Еркин Қарақалпақстан. - 6 май.

33. Есенов Ж. Әдебиятымызда туңғыш академиктиң келбети // Қарақалпақстан жаслары.- 18 февр.

34. Есенов Ж. Туңғыш академик заманласлары тилинде // Еркин Қарақалпақстан. - 24 авг.

35. Нуржанов П. Халқымызды дүньяға танытқан илимпаз: [М. Нурмухамедов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 26 янв.

36. Тәжетдийнова Г. Руўхый мәртликтиң келбети: [М. Нурмухамедов ҳаққында] // Устаз жолы.- 27 февр.

37. Ҳамидов Ҳ. Марат Нурмухамедовтың қарақалпақ илиминдеги орны // Еркин Қарақалпақстан.- 6 май.

**2011**

38. Оразымбетов Қ. М. Нурмухамедовтың әдебияттаныў мектеби // Еркин Қарақалпақстан.- 26 июль.

**2014**

**39**. Есенов Ж. Жулдыз ағып кетсе: [академик Марат Нурмухамедов ҳаққында яднама - эссе] // Еркин Қарақалпақстан. - 9 май.

***Дүзиўшилер:***
***Мағлыўмат библиография хызмети баслығы:*** ***Г. Аббазова***

***Мағлыўмат библиография хызмети бас библиографы:*** ***Г. Тажимуратова***